



Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KA KE OU TE RATE LI: EDITORYAL GOUVÈNÈ CUOMO: NEW YORK PA GEN KOTE POU RAYISMAN, TANKOU CHARLOTTESVILLE

Jodi a, New York Daily News te pibliye yon editoryal Gouvènè Cuomo te ekri konsènan rayisman ak vyolans ki vin genyen apre evènman wikenn nan, nan Charlottesville. Tèks editoryal sa a disponib anba a, epi ou kapab jwenn li sou entènèt [isit la](#).

Aprè langaj rayisab blan sipremasis yo te itilize, avèk zak vyolans yo te poze nan Charlottesville pandan wikenn nan, sa ki te pèmèt yo fè plis eskonbrit toujou, moun New York parèy mwen, ansanm avèk mwen menm, gen yon mesaj ki byen senp: Non

Non, Prezidan Trump, pa ka gen okenn ekivalans moral ant nasyonalis blan avèk militan k ap fè manifestasyon kont rasism.

Non, pa gen okenn sipremasis blan ki “de bòn famiy”. Pa gen okenn moun “de bòn famiy” ki pran lari anba banyè Nazi e pa gen moun “de bòn famiy” k ap mande pou yo ba yo “san ak tè”.

Non, pa gen “plizyè son klòch” nan kad zak vyolans Charlottesville yo. Rayisman pa gen son klòch, e vyolans pa gen plas li. Aksyon ak diskou nasyonalis blan, Nazi ak manm KKK, se yon pwazon pou nanm peyi nou an; sèl sa yo fè, se rabese nou antanke nasyon.

Non, se pa yon bagay ki akseptab pou w tann plizyè jou anvan ou resi denonse senbòl rayisman, rasism ak prejije ki te monte sou drapo ak banyè nan lari peyi Etazini - senbòl ki pote anpil soufrans nan kè anpil Ameriken, e nan kè anpil moun atravè lemonn.

Non, nou pa ka fenmen je devan asasina Heather Heyer. Anfèt, nou dwe di sa l ye a menm: yon zak teworis ki pran lavi yon militan ki pa t vyolan, ki te vin montre solidarite li pou Ameriken parèy li yo e denonse rasism.

Non, se pa yon bagay akseptab pou ou retounen nan bèl eta New York nou an, yon eta ki te fonde sou egalite ak jistis, e kote yo te kreye NAACP a, pou w vin repete e entansifye deklarasyon ou yo e montre yon senpati rayisab pou yon seri moun ki rayisab.

Non, nou p ap pèmèt okenn moun monte nou youn kont lòt - paske nou konnen se tèt ansanm ak inyon ki pral asire yon demen ki diy moun peyi sa a.

N ap aji. Touswit apre zak vyolans yo nan Charlottesville, mwen te anonse lwa Charlottesville yo. Lwa sa yo re-afime angajman New York pran pou li pa janm tolere defans oswa ankourajman vyolans iminan kont klas moun ki anba pwoteksyon kominote nou yo.

Krim sa yo pral fè pati lis ofans lalwa konsidere kòm krim rayisman nan eta nou an. Prezantman, ankouraje yon revòlt se yon deli. L ap tounen yon krim lè yo komèt li nan yon objektif diskriminatwa. Lejislasyon sa a pral ede pwoteje moun New York yo epi voye yon mesaj byen klè ki di vyolans ak diskriminasyon pa gen okenn plas nan sosyete nou an.

Sa fè lontan moun New York reyalize divèsite nou se fòs nou; e sèl rezon ki fè nou sa nou ye jodi a, se poutèt kalite divèsite etnik e kiltirèl nou genyen lakay nou.

Plis pase 50,000 moun New York - plis moun pase nenpòt lòt eta - te mouri nan Gè Sivil la, yon gè ki te fèt pou prezève inyon an e anpeche yon nouvo nasyon vin bati Ozetazini sou fondasyon esklavaj ak rasism.

Plis pase 37,000 moun New York - yon fwa ankò, plis pase nenpòt ki lòt eta - te mouri nan kanpay pou bat fòs Aks yo, prensipalman Nazi peyi Almay ki te gen yon ideyoloji dyabolik nan zafè siperyorite rasyal.

Se sakrifis nou te fè pou valè Etazini yo te triyonfe. Se eritaj nou sa, e nou p ap janm vire do ba li.

Sipremasi blan ak nasyonalis blan kontredi valè debaz ameriken yo. Moun sa yo ki pote flanbo pou swadizan kòz sa yo, e ki santi yo sou pouvwa, dwe mete sa nan tèt yo byen: peyi nou an pa kanpe dèyè yo. Nou pa pral pèmèt blan sipremasis David Duke ak òganizatè rasanbleman blan nasyonalis la, Richard Spencer ak Jason Kessler, vin mete rayisman nan kè lòt moun.

Olye de sa, nou chwazi pote flanbo moun ki te goumen pou egalite ak jistis: Martin Luther King, Jr., Rosa Parks, Medgar Evers, ak Andrew Goodman. Nou chwazi pou pote flanbo Manman Libète e n ap di klèman: "Ban mwen mas fatigue, pòv ou yo, ki an ran sere gen yon gran anvì respire lib."

Jou se pa vre ankò, sa vle di nou pèdi je nou; nou pa rekonèt pwòp tèt nou. Se flanbo ki kanpe sou pò nou an, e apre kalite evènman sa yo nan Charlottesville, nou pral goumen pou asire ke flanbo li an se li ki klere nasyon an, pi bèl pase anvan.

Si nou bezwen yon modèl enklizyon pou peyi a, gade New York. N ap trase chimen, jodi a e pou tout tan.

Cuomo se gouvènè New York.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418